TSCHETSCHENISCH




## Информаци

# XIусамехь масийтта мотт бийцар

*Шун бер дукха меттанаш хууш дуй? Аса декъалдо шу: шайн берана аша кховдайо кхин мIе кхиарехь оьшу ша-тайпана таронаш! Вайна ма хаара, бераш кхечу къаьмнашна юкъахь кхиаро, аьтто ло кхин мотт Iамар дукха хало йоцуш хилар. Цу мIехь шун таро хир ю шайн берана гIо дан, цуьнан лаам кхочушбан.*

# ХIусамехь масийтта мотт бийцар

TSCHETSCHENISCH

**ЦIахь хIу мотт бийца беза? - Шен дас-нанас буьйцу мотт бийца беза!**

Вайн ма хаара, дика хир ду дас а, нанас а, доьзалехь болчу бисинчара шайна юкъахь берана атта а, ша тешна долччу маттахь къамел деш делахь. Дукххахьолохь иза берана ненан мотт хуьлу. Шу оьшу шайн берана ненан маттахь масаллина, тешам боллуш и карабензорна. Цуьнца цхьаьна кхидолу меттанаш Iамо бух а хуьлу иза.

**ХIора денна берийн беша лeларо гIо до немцойн мотт Iамор тIехь.**

Самагатде, нагахь санна берийн беша схьадогIуш цунна немцойн мотт ца хаахь. Шайн бераца ненан мотт бийцар а саца ма де. Шун доьзалхочунна немцойн мотт Iемар бу берийн бешахь болчу доладечу кхиорхочуьнца а, кхидолчу берашца а. Массо хIума дика дIададахарна, чIогIа ладаме ду, шун бер берийн беша денна схьалелар. Беран хаарш гучудуьйлур ду немцойн мотт Iамар тIехь, юкъара ца дуьйлуш схьалеларца. Немцойн мотт буьйцуш долчу берашна юкъахь хиларо, цаьрца йолу уьйр чIагI мел ели, масала, берийн бешахь, ловзарийн меттигашехь, берийн садаIа меттигашкахь- Iама ма- беззара сиха Iемар бу цунна немцойн мотт.

**Бераша вовшахъэбо, цхьаьнадаладо меттанаш!**

Дукххахьолахь керла мотт Iамош долу бераш, юьхьанца гIалаташ довлуьйту. Цу гIалаташа гойту, и бераш нийсачу новкъа тIехь хилар немцойн мотт Iамар тIехь. Масала! Цара немцойн маттахь артикалш ца олу «gib mir das Blatt» метта «gib mir Blatt» олу) йа гIалатло йолуьйту предлогашца, (масалла, „auf dem Baum" нийса хила дезачохь «beim Baum» олу).

Дукххахьолахь, масийтта меттанаш буьйцуш долчу бераша цхьа хан дIахьо шайн ши мотт эбеш. Масала, «хIара сан Ball ю» аларо гойту, бер ша буьйцуш болчу меттанаш юкъахь меттанийн хаарш тIехь чIагIлуш хилар. Шу шеконехь делахь, я шун хаттарш кхолладеллехь, берийн кхиорхочун, я берийн лоьран шуна накъосталла дан таро хир ю.



**Сан бер цIаьххьана беккъа немцойн мотт бийца доладели!**

Цхьаболчу доьзалша билгалйоккху, меттигаш йогIу, бераша беккъа немцойн мотт буьйцуш, ненан мотт бийца ца лууш. Кхерадала оьшуш дац. ДIахьо диллина бераца ненан маттахь къамел дар. Хено гойту, шуьга ладугIуш долчу, шун беро ша тIекхиабо шун мотт, тIаьхьа ненан мотт ша бийца а долало.

**Мотт бийцар самукъане ду!**

Сих-сиха, кIад ца луш, къамел де шайн бераца, цуьнан гIайгIанех, цуьнан кхиамаш ойуш, нис ца луш дерг, хено дIанисдийр ду бохуш. Дийца цунна хилларш, леллларш цуьнан хене терра, Iаматаш (книгаш) еша, ловза цхьане самукъане ловзарех. Башхалла яц, муьлха меттанийн Iилма аша хоржур ду, коьртаниг, шун таро хир ю беран дика синхаамаш, зеделларг, гIайгIа ненан маттаца даза, цу кепара, аша меттан кхиарехь гIо лоцур ду.

**Масийтта мотт буьйцуш кхиара боккха пайда бу!**

Шун гIо дан йиш хир ю шайн берана дукха меттанаш Iаморехь аьтту а, гIо-накъосталла а дарца, сих-сиха тайп-тайпанчу хьелашкахь шайн меттанех пайдаэцийтарца а. Шун ненан мотт а, культура а гонаха болу немцойн мотт- ларами, маьIне хила беза берана. Шун беран массо а меттанашца ларамe юкъаметтиг кхоллаялийтар мехала гIуллакх ду, оцу балхо беран догойла тIеерзайо шайн маттах а, керлачу немцойн маттах пайдаэца а, кхион а. Оцу кепара, шун йиш хир ю шайн бераш берийн беша а, ишколе а даха дика кечдан.